

# IMN « AKATISTOS »

(Hymne « Acathiste » à la Mère de Dieu)

*Patision solist-la*



Tèks grèk : Romain le Mélode ( ? ) (~ 556 ap. J.-C.)

Cf. Panos I. Pantelopoulos, 'Η ακολουθία τῶν Χαιρετισμῶν τῆς Παναγίας μας. Patras, 1993

Adaptasion kréyòl : Joseph Augustin (1987)

Cf. Kominoté Sint-Mari, *Flanbo*, Port-au-Prince, 1994, pp. 215-224.

Koréksion : Mgr Frantz Colimon, smm (2002)

Sanktuè Notre-Dam Pèrpétuèl Sekou, Port-au-Prince

8 désanm 2007

Nan sélébrasion 125 ané mirak gérizon maladi vèrèt-la (1882-2007)  
ak 65 ané dépi proklamasion Notre-Dam Pèrpétuèl Sekou kòm Patròn Ayiti (1942-2007)

# IMN "AKATISTOS"

Louanj pou la Trè Sint Vièj Mari nan Egliz grèk yo

A- lé- lou- ya, a- lé- lou- - - ya, a- lé- lou- - - - ya!

Sé pou kon-tan, ou-k' fè dé- li- vrans la klé- ré;

Sé pou kon-tan, sé gras a ou tout mal dé- fèt;

Sé pou kon- tan, ou-k' ré- lé A- dan sot a- tè;

Sé pou kon-tan, dlo nan jé Ev fi-n sé- ché tou!

Sé pou kon- tan, Dam ma- rié k' Man- man, ki tou- jou Vièj!

Adaptasion: Joseph Augustin

Korèksion: Mgr Frantz Colimon, smm

## *Inn Akatist - Melodi pou entrodiksyon-yo*

5 fevriye 2007: 125 ane depi mirak gerizon vèrèt-la.

8 desanm 2007: 65 ane depi Notre-Dam Pèpetyèl Sekou se Patròn Ayiti.

Tradiksyon kreyòl : Joseph Augustin

Koreksyon : Mgr. Frantz Colimon, ssm

Ou merite sa reyèlman vre, pou nou deklare kontant-man-ou, Man- man Bon- dye,

Ou gen kontantman pou tout tan epi ou san tach, ou ki manman Bondye nou- an.

Ou menm ki merite res- pè plis pa- se Che- ri- ben-yo,

epi ki merite glwa ki pa konpa- rab ak pa Se- ra- fen-yo


Ou anfante Paròl Bondye- a an- tan-ou tou- jou Vyèj,

Ou ki vrèman Manman Bon- dye, n-ap di jan ou gran.


Viv Papa-a ak Pitit- la ak Es- pri Sen- an,

depi nan kòmansman ni kounye-a ni tout tan ak pou tout tan gen tan. A- mèn.


**Ikòs 1**



S-on Anj li- myè Syèl- la vo- ye pou- l vin di Man- man Bon- dye- a: "Se pou ou kon- tan!"



Lè anj- la wè, Grmèt, ou tounen moun sou pa- ròl li, sezisman, kontantman eklate nan fon kè- l.



Li pran chante byen fò pou Manman Bon- dye- a, e- tan l- ap di: Se pou kontan...

**Ikòs 2**



Vyèj- la ki te konnen ekla vir- ji- ni- te- l bay Anj- la yon repons ki klè tan- kou kè- l;



"Al- on paròl mèvèy pou vin pote pou mwen! Men konsyans mwen pa wè



kouman sa pral pa- se, san gason pa ladan- l kouman- m ka gen pi- tit?" Alelouya...

**Ikòs 3**



Pou Vyèj- la te konprann yon mis- tè ki si fon li kesyon- nen Anj- la,



pou Anj- la di- l ki- jan zantray- li ta pote yon ti pi- tit ga- son.



Ak yon res- pè to- tal, Anj- la trò kon- tan di: Se pou kontan...

Ikòs 4



Ak tout vo- lim ren- men-l, Espri Sen vin kouvri Vyèj-la ki t-ap fleri pi ro pa- se ma-ryaj.  
Se pou zan- tray li te don- nen, e zantray-li boujon- nen vre.  
Li tounen yon jaden dousè de- li- ka- tès pou sa- k vle rekòlte delivrans an chan- tan!  
Alelouya...

Ikòs 5



Etan-l pote Bon- dye nan li, Vyèj- la pa- ti, la-l leve kè kontan lakay E- li- za- bèt.  
Pi- tit- la rekonèt sa- a s- on vizit mè- vèy, devan Manman Bon- dye li tre- sa- yi chan- te:  
Se pou kontan...

Ikòs 6



Nanm Jo- zèf an boulvès ak panse ki sen- tre-l. Ala, li byen konnen ekla vir- ji- ni- te-ou!  
Al- on me- nas, al- on dou- tans, al- on ma- lè! Ou si bèl e san tach!  
Men lè Jozèf konnen se mirak Es- pri Sen, ala kontan-l kon- tan re- le!  
Alelouya...

## Ikòs 7

Gadyen mouton tande Anj-yo ki t-ap chan- te, ki t-ap di Pitit Bon- dye- a fèt.  
 Yo leve pye, kouri al jwenn Gadyen yo- a, pou y-admire Ti Mouton-an ki fèk pa-rèt.  
 Sou kè Manman-l, yo wè-l po- ze, yo pran chan-te: Se pou kontan...

## Ikòs 8

Ze- twal-la t-ap mennen moun al jwenn Gran- mèt-la, se flanbo sa-a maj- yo pran suiv.  
 Li men- nen y-antrè ko-te Roua-a, kote sila-a ki fèt pou moun ka ri- ve pre-l;  
 Se pa ti kontan yo tè kon-tan re- le: Alelouya...

## Ikòs 9

Maj nan peyi Kalde vin wè Kreatè-a poze sou kè Vyèj- la. Yo ado- re byen ba  
 devan Bon-dye syèl- la. Yo dekouvri-l nan kondisyon yon pòv es- klav,  
 yo depoze ka- do y-o- fri-l, e pou Man- man-an ki si bé- ni, yo pran chan-te:  
 Se pou kontan...

Ikòs 10

Maj tou-nen me-sa-je, yo pot nouvell ale nan peyi Ba-bi-lòn. Pa-ròl bouch ou te di,  
 maj-yo fè wè-l, Gran-mèt, devan tout moun, yo kleronnen ou se Kris-la.  
 Eròd menm ret k-on vye bouki k-pa ka chan- te: Alelouya...

Ikòs 11

Verite-ou, Bondye klere pe-yi E- jip. Ou disparèt fènwa, ou dispa- rèt man- ti.  
 Zi- dòl Ejjip pa ka soutni e-kla klè-te-ou. Pèp-la ki delivre pran chante pou Vyèj- la:  
 Se pou kontan...

Ikòs 12

Si- me- on te tou pre pou-l al kite la-vi-sa-a. Yo pote-ou anba je-l, ou te yon ti be- be.  
 Men les- pri-l rekonèt kondisyon Bondye ou ye.  
 Lè-l wè-ou nan men-l, lespri-l klere, li pran chan- te: Alelouya...

## Ikòs 13

Devan nou menm ki kre-a-ti-l, Bondye devwale fon se-krè-l lè-l vin parèt an ti be-be.

Li bou-jon-nen soti nan yon zantray moun pa-t tou-che, yon zantray ki tou klè, san tach!

Kouman pou nou pa di, kouman pou-n pa chan-te: Se pou kontan...

## Ikòs 14

De-van ne-sans Pi-tit sa-a, kè-n cha-vi-re. Nou di: aba tout move san-ti-man!

Tout kè nou, tout lespri-n vire fas bay Bon-dye. Apa pou nou Granmèt syèl-la tou-nen yon moun.

L-an-tre si ba pou-l dechouke-n voye nan syèl, Nou k-ap kònen chan-te pou li: Alelouya...

## Ikòs 15

San-l pa ki-te syèl li, Paròl-la k-san limit suiv santiman Bon-dye pou nou.

Se tout li menm, tout kè-l, tout vi-l, ki vin pi-tit Vyèj la. Ositou fò-n chan-te: Se pou kontan...



## Ikòs 16

Tout Anj-yo nan syèl te vin de- kon- tro- le, lè-ou vin tou- nen yon moun  
 Bon- dye sa-a, pèsonn pa-t kapab ri- ve pre-l, vwala l-vin tou kole ak dènye mi- ze- rab,  
 li pran pale ak yo, yo pran chan- te pou li: Alelouya...


## Ikòs 17

Filozòf, moun save, ki si pa- le an- pil, men yo bèbè tankou pwason devan-ou, Vyèj, Man-man Bon-dye!  
 Yo pa kab es- pli- ke pou-ou ni vyèj ni man- man.  
 Men nou, n-ap admire-ou epi n-a-pe chan-te: Se pou kontan...


## Ikòs 18

Krea- tè syèl ak tè- a, vle-l te vle so- ve tout moun, vini nan moun dapre pròp de- si- zyon pa-l.  
 Bon- dye ki sèl Gadyen nou, tounen yon moun nan pa- mi moun.  
 Nou ki resanblans li yo, li rele-n vin sanble ak li. E lè-l rele nou, li tande nou re- ponn.  
 Alelouya...


Ikòs 19



Vyèj ki Manman Bondye, fòs protek-syon tout vyèj, ou-k proteje tout moun k-ap kouri vin ko-te-ou,



se tout bèlte I-te kapab Bondye pran pou-l fè- ou, pou-l ka chi-ta nan ou!



Nou, n-ap chan- te pou ou: Se pou kontan...

Ikòs 20



Tout chan so- ti trò fèb, si pou yo rasanble tout fòm renmen-ou yo Gran- mè.



Nou ta ka- pab ofri-ou poezi an kan- ti- te, tankou sab sou bò lan- mè,



men nou pa ta janm rive nan fòm kòrèk egal ak kado-ou fè nou,



lè-ou pèmèt nou chan- te pou ou: Alelouya...

Ikòs 21



Tankou yon bèl limyè ki kle-re nan fè- nwa, Vyèj-la ki sen-an limen yon flanbo pou les- pri,



pou-l kondui nou tout rive nan syans syèl- la.



Li- myè sa-a, an nou chante jan-l e- kla- tan: Se pou kontan...

Ikòs 22

Vle-l te vle grasye moun ki te an-ba dèt, Sila-a ki t-ap wete dèt moun-yo te gen-yen,  
 vin ak pròp volonte-l rankontre sa ki te mete tèt yo byen lwen.  
 Lè-l fin chi-re tout pa-pye dèt, men kijan-l tandè tout moun ap rele viv pou li:  
 Alelouya...

Ikòs 23

Ou anfante, n-ap fè lwanj ou pou sa, Man-man Bon-dye,  
 kay sakre kot Granmèt-la tabli pou-l re-te. Li le-ve-l ak bèl kon- pli-man,  
 e li vle n-eklate chan-te: Se pou kontan...

Ikòs 24

Man-man, ou menm ki merite nou chan-te pou ou, Ou-k anfante Paròl-la ki sen pase tout sen,  
 Ak-sep-te kounye-a, tout onè n-ap o-fri ou, delivre-n anba tout ma-lè,  
 prezève anba pinisyon k-ap vi-ni-an tout sila-yo k-ap chante pou ou ak menm fon kè:  
 Alelouya...

Adaptasyon: P. Maurice E. Hyppolite, sdb